

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Minangka mahluk anu sampurna akal jeung haténa, manusa miboga kodrat pikeun néangan kasenangan tur kabagjaan lahir batin. Kabagjaan lahir nyoko kana stabilitas jeung kasenangan jasmani. Lamun kabagjaan batin mah nyoko kana kasenangan, *kenyamanan*, jeung katenangan ruhani. Sacara logis, ieu dua hal téh kuat patalina jeung teu bisa dipisahkeun (Melia, 2018, kc. 28-29). Lamun dititénan saliwat, ieu dua hal téh sarua baé. Tapi bakal bisa kaciri béda dina pangaruhna.

Kasenangan lahir jeung batin bisa diwangun ku rupa-rupa kagiatan. Kasenangan lahir misalna waé olahraga, maca buku, ngahaleuang, nulis jeung sakabéh kagiatan anu jadi hobi hiji jalma. Lamun kasenangan atawa kasugemaan batin mah misalna waé ibadah, solat, ngalaksanakeun kawajiban, jeung réa-réa deui kagiatan anu lamun dipigawé bakal aya rasa kasugemaan dina haté. Ku perluna manusa pikeun migawé hal-hal anu bisa nyumponan kasugemaan lahir batin, kaluar istilah “hiburan”. Hiburan téh tangtuna waé pikeun ngahibur diri sangkan bisa nyumponan kasugemaan lahiriah jeung batintah hiji jalma. Salasahiji wangun hiburan anu dipikaresep ku masarakat Sunda nyaéta kawih.

Kawih jadi budaya tur karya sastra anu dipikaresep ku masarakat, hususna masarakat Jawa Barat. Lain ngan di kalangan barudak waé kawih téh dipikaresepna, tapi di kalangan anu geus sawawa ogé, kawih téh dipikaresep (Rosidi, 2013, kc. 72). Kawih dipikaresep téh ku lantaran kawih bisa jadi média hiburan, bisa nepikeun naon-naon waé anu karasa jeung karandapan tur kaalaman, nu kadang teu bisa disebutkeun sajalantrahna. Ku ayana kawih, naon-naon anu karandapan téh bakal karasa leuwih hirup. Kawih téh kaasup kana karya sastra wangun puisi. Ari sastra téh nyaéta karya seni anu digelarkeunana ngagunakeun alat basa. Minangka karya seni, warnaning karya sastra téh diciptana salawasna napak dina usaha ngolah unsur-unsur éstétis (kaéndahan sastra), kaasup fungsina atawa makéna basa (Isnéndés, 2010, kc. 6).

Geuning ayana kawih téh lain mangsa kiwari, ti baheula gé istilah kawih geus digunakeun. Katitén dina naskah *Sanghyang Siksa Kanda(Ng) Karesian*;

Hayang nyaho di sakwéh ning kawih ma: kawih bwatuha, kawih panjang, kawih lalangan, kawih panyaraman, kawih sisi(n)diran, kawih péngpélédan, bongbong kaso, perérané, porod eurih, kawih babahanan, kawih ba(ng)barongan, kawih tangtung, kawih sasa(m)batan, kawih igel-igelan; sing watek kawih ma, paraguna tanya. (Hendrayana spk., 2020, kc. 412).

Tina éta sempalan naskah, bisa katitén yén kawih téh mibanda rupa-rupa jenis jeung pungsina. Sanajan teu bisa kagambarkeun kumaha haleuang jeung lagam dina sora kawih jaman harita, tapi kawih jadi karya sastra lisan pangkolotna di sagédéngun mantra.

Dina nyieun karya sastra kaasup nyieun rumpaka kawih, pangarang tangtu ngalaman prosés kréatifitasna séwang-séwangan. Prosés kréatif nyaéta prosés anu kaalaman ku pangarang waktu nyieun hiji karya sastra. Nurutkeun Isnéndés (2010, kc. 11), prosés kréatif hiji seniman jeung seniman séjén téh béda, gumantung kana faktor méntal pangarang di antarana waé kontémplasi, spontanitas, intuisi, pangalaman, intelegénsi, integrasi, kapribadian, émosi, jeung konsep seni, misalna kabébasan, *courage* atawa kawanian, imajinasi, jeung rasa.

Prosés kréatif museur kana kagiatan kréatifitas seniman, atawa bisa disebut tilikan artistik seniman. Salian ti prosés kréatif anu dialaman ku nu nulis, tangtu nu nulis atawa nu nyanggi rumpaka kawih téh kahudangkeun ku rupa-rupa hal nu aya dina kahirupanana. Misalna waé aspék sosial, pulitik, ékonomi, jeung atikan. Beuki lila beuki loba kapanggih karya-karya tironan ti pangarang anu geus nyieun karya saméméhna. Loba faktor anu mangaruhanana. Faktor utamana mah éta pangarang téh can bisa maca kaayaan sabudeureunana tur can bisa ngalaman prosés kréatifna sacara utuh. Ku kituna, ieu panalungtikan baris neuleuman prosés kréatif hiji seniman dina nyieun karya. Dipiharep bisa nambahan kaweruh nu maca dina nyieun karya anu sarupa.

Éndahna kawih téh lain ukur mintonkeun kaparigelan nayagan dina ngulik waditra atawa halimpuna sora juru kawih dina hiji pintonan, tapi ogé kasang tukang dijieunna éta rumpaka. Rumpaka téh dina basa Indonésia mah hartina *lirik*. Salasahiji seniman anu kawéntar ku karya-karyana utamana dina tembang jeung kawih nyaéta Yus Wiradiredja. Yus lahir tina kasang tukang kulawarga seniman, hususna seni tembang Sunda Cianjuran. Yus miboga kualitas sora anu hadé, katitén

tina lobana préstasi jeung karya anu teu sagawayah dijieun. Yus miboga sababaraha grup musik nu *genrena* béda-béda. Misalna waé grup musik *Ath-Thawaf* (grup nuansa Islami) jeung *Sanggita* (grup musik étnik Sunda). Dina ieu panalungtikan, medar eusi rumpaka kawih dina album *Rawayan Cinta* anu dipopulérkeun ku grup musik *Sanggita*.

Sanggita diadegkeun ku Yus Wiradiredja tanggal 5 April 1987 di Bandung. Grup *Sanggita* téh awalna mah hiji kelompok kasenian gamelan degung kréasi. Ku majuna jaman anu kapangaruhan ku budaya Barat, *Sanggita* bisa ngigelan éta kaayaan. Kaayeunakeun *Sanggita* populér ku intramusikal Barat utamana dina album *Rawayan Cinta*. Album *Rawayan Cinta* mimiti sumebar di industri musik Sunda taun 2012. Ieu kawih-kawih téh mindeng dipintonkeun dina acara-acara *pernikahan, pembukaan* acara jeung sababaraha acara badag lianna (Putra, 2020, kc 9-13). Ku sabab ieu kawih-kawih album *Rawayan Cinta* mindeng dipintonkeun ku *pelaku seni* dina acara-acara badag, ieu panalungtikan baris nyalusur eusi rumpaka kawih tina sisi kapangaranganana sangkan kapaluruh ku naon ieu kawih bisa éksis nepi ka ayeuna tur sering dipintonkeun di sawatara acara.

Album *Rawayan Cinta* ngawengku 8 kawih, judul-judul kawihna nyaéta *Sampurasun, Sintrén, Ilangna Kahéman, Hujan Poyan, Tembang Talatah, Dua Sarasa, Rawayan Cinta* jeung *Bandung Dayeuh Indung*. Luyu jeung jejerna, ieu album didominasi ku kawih-kawih romantis anu dikombinasikeun ku kawih-kawih sosial. Rumpaka kawih album *Rawayan Cinta* kaasup kawih anu *easy listening* maksudna gampang kacangking eusi nu aya dina kawihna. Tangtu dipapaés ku nada-nada anu éndah.

Dina nyieun tur nyanggi kawih-kawih dina album *Rawayan Cinta*, Yus tangtu ngalaman prosés kréatif jeung pangalaman anu jadi kasang tukang dijieunna éta rumpaka kawih album *Rawayan Cinta* nepi ka bisa populér cara ayeuna. Prosés kréatif ieu téh nurutkeun Abrams mah bisa ditalungtik ngagunakeun pamarekan éksprésif. Pamarekan éksprésif nyaéta salasahiji pamarekan sastra anu leuwih nyindekel kana sisi pangarangna. Pamarekan éksprésif Abrams maluruh prosés saméméh gumelarna hiji karya nepi ka bisa ngajanggélék jadi hiji karya sastra. Salian ti pamarekan éksprésif pikeun maluruh karya tina sisi kapangarangan, ieu

panalungtikan ogé medar struktur puisi dina rumpaka-rumpaka kawihna. Ku kituna perlu dideudeulan ku pamarekan struktural pikeun maluruh bagbagan jeung struktur puisi nu aya dina rumpaka-rumpaka kawih album *Rawayan Cinta* sangkan bisa dipikaharti leuwih teleb ku pamaca.

Dina ieu panalungtikan medar ngeunaan prosés kreatif Yus Wiradiredja dina rumpaka kawih album *Rawayan Cinta* ngagunakeun ulikan struktural jeung éksprésif. Geus réa panalungtikan-panalungtikan saméméhna anu ngulik ngeunaan kajian éksprésif atawa biografis dina karya sastra, di antarana: “Unsur Objéktif jeung Éksprésif Novél *Béntang Pasantrén* Karya Usép Romli H.M. pikeun Bahan Maca Pedaran Sastra Siswa di SMA Kelas XI” (Ningrum Cahmawati, 2013), “Prosés Kreatif Abdullah Mustappa dina Novél *Lembur Singkur: Kajian Éksprésif Karya*” (Liana Cantika, 2017), “Kajian Éksprésif kana Kapangarangan H.D Bastaman dina Kumpulan Carponna *Nganjang ka Pagéto*” (Rusdi Fauzi, 2021), jeung “Ulikan Objéktif jeung Éksprésif Novél *Handeuleum na Haté Beureum* Karya Chyé Rétyy Isnéndés pikeun Bahan Pangajaran Maca Novél di SMA Kelas XI” (Cucu Suminar, 2021).

Geus réa ogé panalungtikan ngeunaan prosés kreatif dina rumpaka atawa lirik lagu boh dina wangun artikel jurnal boh dina wangun karya tulis ilmiah séjénna. Misalna waé: “Proses Kreatif dalam Penciptaan Lagu Bersumber Visi Misi Kabupaten” (Jurnal - Mohamad Yusuf Wiradiredja, 2015), “Proses Kreatif Penciptaan Lagu *Persebaya Kau Tak Akan Sendirian*” (Skripsi – Andi Ahmad, 2018), “Ekspresi Diri Musisi Indie dalam Lirik Lagu (Proses Kreatif Lirik Lagu Musisi Indie *Heartcorner* Purwokerto)” (Skripsi – Galih Prakoso, 2021), jeung “Proses Kreatifitas dalam Penciptaan Musik Masamper (Tinjauan Kualitatif Pengalaman Pencipta Masamper, Samuel Takatelide)” (Jurnal – Glenie Latuni jeung Perry Rumengan, 2021).

Tina sawatara judul nu katitén, can aya nu medar ngeunaan prosés kreatif dina rumpaka kawih Sunda ngagunakeun ulikan struktural jeung éksprésif. Ku kituna, panalungtikan anu judulna “Prosés Kreatif Yus Wiradiredja dina Rumpaka Kawih Album *Rawayan Cinta* (Ulikan Struktural jeung Éksprésif)” perlu dilaksanakeun

pikeun ngajembaran pangaweruh pamaca dina kajian sastra Sunda, hususna dina rumpaka kawih Sunda.

1.2 Rumusan Masalah

Dina hiji karya sastra, tangtu jiwa pangarang anu jadi konci suksésna éta karya. Moal ngajanggélék jadi karya anu hadé lamun teu didadasaran ku pangalaman jeung kamampuh pangarangna éta sorangan. Dumasar kana kasang tukang masalah, nu jadi masalah dina panalungtikan dirumuskeun dina ieu kalimah pananya.

- 1) Kumaha struktur puisi anu nyampak dina rumpaka-rumpaka kawih album *Rawayan Cinta*?
- 2) Kumaha unsur-unsur éksprésif anu dialaman ku Yus Wiradiredja patali jeung medalna rumpaka-rumpaka kawih album *Rawayan Cinta*?
- 3) Kumaha téknik prosés kréatif Yus Wiradiredja waktu nyieun rumpaka-rumpaka kawih album *Rawayan Cinta*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan, ngawengku dua tujuan nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan téh nyaéta ngaguar prosés kréatif dijieunna rumpaka-rumpaka kawih album *Rawayan Cinta* sanggian Yus Wiradiredja dumasar kana ulikan struktural jeung éksprésif.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan hayang ngadéskripsikeun:

- 1) struktur puisi anu nyampak dina rumpaka-rumpaka kawih album *Rawayan Cinta*;
- 2) unsur-unsur éksprésif anu dialaman ku Yus Wiradiredja patali jeung medalna rumpaka-rumpaka kawih album *Rawayan Cinta*;
- 3) téknik prosés kréatif Yus Wiradiredja waktu nyieun rumpaka-rumpaka kawih album *Rawayan Cinta*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat ka nu maca, boh mangpaat téoritis boh mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Sacara teoritis, ieu hasil panalungtikan téh dipiharep bisa dijadikeun référénsi pikeun panalungtikan satuluyna, ogé pikeun ngeuyeuban dunya paélmuan ngeunaan sastra hususna rumpaka kawih nu ngagunakeun pamarekan struktural jeung éksprésif. Tina hasil ieu panalungtikan ogé bisa ngahudang karep pamaca pikeun nyieun karya sastra anu sarupa ngagunakeun téknik prosés kreatifna séwang-séwangan.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat:

- 1) pikeun pangarang, ieu panalungtikan baris meunangkeun gambaran ngeunaan cara ngaéksprésikeun sarta prosés kreatif dina nyieun rumpaka kawih;
- 2) pikeun panalungtik, miboga pangalaman dina maham jeung ngulik rumpaka kawih nu aya patalina jeung prosés kreatif tur unsur struktural jeung éksprésif pangarang;
- 3) pikeun panalungtikan satuluyna, bisa dijadikeun sumber référénsi atawa pangdeudeul dina studi literatur pikeun nambahan pangaweruh tiori jeung kritik sastra;
- 4) pikeun masarakat, bisa nambahan pangaweruh yén karya sastra téh teu ngan saukur méré hiburan tapi ogé méré pangaweruh ngeunaan kahirupan sosial.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga nulis dina ieu panalungtikan ngawengku lima bab, sakumaha anu diébréhkeun.

Bab I Bubuka. Dina ieu bab, dipedar ngeunaan kasang tukang, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori. Dina ieu bab, dipedar ngeunaan kawih, struktural, éksprésif, prosés kreatif, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan. Dina ieu bab, ngaguar désain panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran. Dina ieu bab, dijéntrékeun ngeunaan kajian struktural puisi nu aya dina kawih album *Rawayan Cinta* jeung kajian éksprésif Yus Wiradiredja kana kawih album *Rawayan Cinta*.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi. Dina ieu bab, eusina mangrupa kacindekan hasil panalungtikan, implikasi, jeung rékoméndasi ti panyusun.